



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 21/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PI GWO PWOJÈ ENÈJI SOLÈ POU LEKÒL PIBLIK
NAN NEW YORK LAN FIN KONPLETE**

*Lokal Enstalsyon Pano Solè yo Pral Founi Enèji Renouvlab Pwòp, Redwi
Degajman ak Efè Sèr yo*

*Pwojè a Pral pèmèt Distrik Lekòl Avon Santral lan Ekonomize 1.6 Milyon dola nan
Pri Elektrisite Pandan 25 an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te fin konplete pi gwo pwojè enèji solè aktyèl nan New York nan yon Lekòl Piblik nan Avon. Pwojè a pral founi enèji renouvlab pwòp pou ede Distrik Lekòl Avon Santral lan ekonomize anviwon 1.6 milyon dola nan pri elektrisite pandan 25 an. Pwojè sa fè pati objektif New York pou li founi 50 pousan nan kouran li apati resous enèji renouvlab apati lane 2030.

“New York ap mennen nan devlopman enèji altènatif pwòp pou ede kominote a bese pri yo epi redwi efè kabòn yo,” **Se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa se yon lòt ekzanp sou aksyon n’ap poze pou prezève anviwònman an epi kreye yon vil New York ki pi pwòp epi ki pi vèt.”

Se Lyetnan Gouvènè Kathy Hochul ki te fè anons sa nan yon evènman inogirasyon nan Avon byen bonè jounen jodi a. Enèji solé se yon faktè kle nan strateji Refòm Vizyon Enèji Gouvènè Cuomo an pou redwi gaz a efè sèr yo, epi konstwi yon sistèm enèji ki pwòp, fleksib, abòdad pou tout Nouyòkè yo.

Lokal enstalasyon pano solè ki enstale atè yo, ki bay 1.5 megawat (MW) lan, li sitiye nan 245 Clinton Street nan vil Avon. Kantite enèji lokal enstalasyon pano solè yo pwodwi a, li ekivalan kantite kouran ki nesesè pou bay kouran nan anviwon 250 kay tay mwayèn. Pwojè a pral redwi gaz a efè sèr yo de 927 tòn metrik, ki ekivalan ak si ou retire anviwon 200 machin nan lari a.

Ou kapab jwenn yon foto lokal enstalasyon pano solè yo [isit la](#).

“Ak lidèchip Gouvènè Cuomo, Leta New York ap fè pwogrè reyèl nan devlopman yon sistèm ki ap ankouraje pi plis itilizasyon enèji renouvlab ki efikas,” **se sa Lyetnan Gouvènè Hochul te deklare.** “An plis de ede distrik lekòl la redwi pri enèji li, lokal enstalasyon pano solè yo pral itilize tou pou edike elèv yo sou enèji solè epi ki pwòp.”

Pwojè a te jwenn anviwon 564,000 dola sipò an rekonpans Gouvènè Cuomo te bay ak [Inisyativ NY-Sun lan](#), ki ap pèmèt avansman kwasans yon endistri solè dirab, otonòm, atravè tout eta a. Pwojè solè sa itilize sistèm mesiraj net ki elwanye epi li sitiye nan zòn izole. Sistèm mesiraj net la pèmèt kliyan komèsyal ak rezidansyèl yo ki enstale pano solè yo pou yo resevwa yon kredi sou fakti kouran yo a poutèt kouran sistèm solè yo an jenere epi ranvwaye nan rezo elektrik la. Distrik Lekòl lan espere wè anviwon 1.6 milyon dola kredi sou fakti elektrisite li yo ki ap konpanse itilizasyon elektrik yo a pandan dire kontra 25 an.

Richard Kauffman, ki se Direktè Enèji ak Finans Leta New York, te deklare, “Ak lidèchip Gouvènè Cuomo pou enèji pwòp lan, n’ap wè kominote New York yo, tankou Distrik Lekòl Avon lan, relve defi pou adopte epi itilize solisyon enèji ki abòdab epi dirab yo nan lavi yo. Chak jou, rezidan New York yo, biznis yo ak kominote yo atravè tout eta a ap ajoute sous enèji ekonomik epi ki pwòp tankou enèji solè nan rezo elektrik la pou pwoteje kont chanjman klimatik yo, pliske ansanm, nou ka kreye yon avni miyò pou pwochèn jenerasyon Nouyòkè yo.”

John B. Rhodes, Prezidan ak CEO, New York State Energy Research and Development Authority (NYSERDA), te deklare, “Inisyativ NY-Sun Gouvènè Cuomo an kreye yon opòtinite pou rezidan yo, biznis yo ak distrik lekòl yo kapab ranplase sous petwòl yo ak enèji solè renouvlab, epi ekonomize lajan nan pwosedi sa. Mwen salye Distrik Lekòl Avon Santral la poutèt sa jès li nan chwazi pou itilize enèji solè ak kontribisyon li yo pou konstwi yon kominote ki pi pwòp.”

Pwojè sa ap devlope atravè yon kontra acha kouran ak WGL Energy Systems, ki pral posede lokal enstalyasyon pano solè a. Nan kontra sa, distrik lekòl la pa’t peye kòb a lavans pou pwojè enèji solè a, epi yo pral peye yon montan fiks pou enèji ke enstalyasyon pano solè a te pwodwi a. An plis, Distrik Lekòl Avon Santral ap travay ansanm ak WGL Energy Systems pou kreye yon pwogram etid otou pwojè enèji solè a ak konpozan edikatif li yo.

Pwojè enèji solè sa se yon kontinyasyon nan inisyativ Distrik Lekòl Avon Santral lan yo pou li redwi tras kabòn distrik lan ki soti nan kay yo ak tè ya. Se te youn nan premye lekòl ki te adopte enèji solè. Distrik lan te genyen yon ti lokal enèji solè (5.5 kilowat) sou tè de lekòl depi lane 2008, yo te enstale limyè LED ak limyè ki gen sansè mouvman ki te redwi itilizasyon elektrisite a, epi distrik lan ap patisipe aktyèlman nan yon pwojè kapital ki genyen nouvo ekipman enèji efikas pou chofe epi opere pisin li yo. Distrik Lekòl Avon Santral se yon distrik ki genyen 1000 elèv soti nan kindègadenn pou rive nan 12yèm ane.

Senatè Patrick Gallivan te deklare, “Mwen felisite Distrik Lekòl Avon Santral poutèt li pran yon wòl lidèchip nan itilizasyon nouvo fòm enèji renouvlab yo. Envestisman sa pral redwi pri elektrisite distrik lan epi benefisye kominote a nan ede’l pwoteje resous natirèl li yo jodi a ak nan tan fiti yo.”

Aaron Johnson, ki se Sipè-entandan Lekòl Avon, te deklare, “Distrik Lekòl Avon

Santral te kontan anpil pou benefis finansyèl, anviwòmantal ak edikatif ke yo pral jwenn pandan 25 lane k'ap vini yo gras a enstalasyon pwojè sa a. NYSEERDA ak WGL te dè patnè enpòtan pou pèmèt pwojè sa reyisi, epi nou salye efò ak sipò yo pandan enstalasyon an. An dènye, nou remèsye Direksyon Edikasyon Lekòl Avon Santral lan pou lidèchip ak kouraj yo te demontre pou pèmèt pwojè sa te ka fin konplete.”

Anviwon 92 distrik lekòl piblik ak lekòl prive yo te konplete pwojè enèji solè yo nan Leta New York gras a finansman NYSEERDA. An plis, 318 distrik lekòl te anrejistre pou K-Solar, ki se yon patenarya piblik-prive ant Otorite Kouran New York yo ak NYSEERDA an kolaborasyon ak sektè prive devlopè enèji solè ki te seleksyone nan yon fason konpetitif.

Pwojè Lekòl Avon yo te kòmanse depi avan Leta New York te adopte pwogram K-Solar pou ede li vin pi fasil pou lekòl yo adopte enèji solè. K-Solar bay lekòl piblik ak prive ki anrejistre yo sèvis konsèy kontinyèl gratis, evalyasyon solè sou sit ak analiz enèji, sipò administratif ak teknik ak yon pwosesis pèmi akselere.

Anons jodi a vin konplèman pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se yon plan konpreyansif pou jenere kwasans ekonomik nan kontinye ajoute sou pwogrè resan rejyon an epi investi nan endistri kle yo, sa enkli tou fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ansanm ak manifakti avanse yo. Yon investiman istorik 500 milyon dola Leta nan rejyon Finger Lakes te bay atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan, ki ap ranfòse plis pase 2.5 milya dola nan investisman prive, nan kreye dè milye pòs travay epi mete baz nesèsè pou kreye yon ekonomi 21yèm syèk ki divès e ki byen reyisi. W'ap jwenn plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Inisyativ NY-Sun 1 milya dola Gouvènè Cuomo a te akselere kwasans enèji solè atravè eta a. Kantite enèji ki te pwodi gras a pano solè yo te ogmante de 575 pousan soti nan lane 2012 pou rive nan lane 2015, nan ajoute 525 MW enèji renouvlab pwòp. Plis pase 1000 pwojè solè te enstale nan Rejyon Finger Lakes lan pandan peryòd sa, ki te ajoute plis pase 20 MW kouran.

Kwasans enèji solè New York te jenere tou anpil pòs travay nan endistri enèji solè a. Daprè yon rapò nasyonal, endistri solè New York la kounye a se katriyèm pi gwo endistri nan peyi a e ki anplwaye aktyèlman plis pase 8,250 travayè, yon ogmantasyon de plis pase 3,000 travay depi 2013. Nan ane 2016 la, yo espere pou chif travay yo double avèk yon lòt 1,000 kreyasyon pòs travay sipleman tè kòm yon rezilta nan poze tiyo pwojè solè enpòtan eta a.

Konsènan dosye pou Refòm Vizyon Enèji a

Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision (REV)) se yon strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòk yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi jenere 50% nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab

apati lane 2030. Deja, REV te pèmèt 600% kwasans pou tout mache enèji solè nan tout eta a, ki te pèmèt 105,000 fanmi ki pa touche anpil lajan yo pou yo bese definitivman pri fakti elektrisite yo gras a enèji efikas, epi kreye dè milye pòs travay nan manifakti, enjenyè, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire Leta New York ap redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40% apati lane 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou fè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo jiska 80% apati lane 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milyon dola Gouvènè a nan inovasyon ak teknoloji enèji pwòp, tanpri vizite sitwèb www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou nan [@Rev4NY](https://twitter.com/Rev4NY).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418